jépp jigéen bu ñu fasal ab sëy ci lu dul ndigalu kilifaam, sëyam ba ag neen la -ñatti yoon- bu àndee ak moom can ga ñeel na ko ca la mu ànd ak moom, bu nu werentee buur mooy nekk kilifag ku amul kilifa

Jële nañu ci Aysatu ndayu jullit ñi yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "jépp jigéen bu ñu fasal ab sëy ci lu dul ndigalu kilifaam, sëyam ba ag neen la -ñatti yoon- bu àndee ak moom can ga ñeel na ko ca la mu ànd ak moom, bu nu werentee buur mooy nekk kilifag ku amul kilifa".
[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko, At-tirmisiy, ak Ibnu Maaja, ak Ahmat]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tere na jigéen di maye boppam ci ab sëy ci lu dul ndigalu kilifaam, ak ne sëyam ba ag neen la, te bàmtu na ko ñatti yoon, mu mel ni musul a am. Ki ko takk bu séqee ak moom ci lu dul ndigalu kilifaam; kon ndaw si dinañ ko jox can gu mat sëkk ngir li mu ànd ak moom ci péyam ma. Bu dee kilifa yi dañoo werente ci kilifteefu fas sëy ba ta fekk ñoo yam daraja ci ndaw si kon fas ga ñeel na ka jiitu ci ñoom ndeem loolu am na ngir mu xool li yéwén ci jigéen gi, bu dee kilifa gi da fa bañ kon day mel ni amul kilifa; kon buur walla kilifa gay àttekat ba mbaa yu ni mel mooy doon kilifaam, bu dul loolu kon buur du nekk fa ci teewaayu kilifa ga.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/58067